



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO PSA KÒM DÈNYE MESAJ NAN KANPAY  
"MASK UP, AMERICA" LA**

*"100 ane de sa, moun te konprann li te entelijan pou mete yon mask. Donk,  
poukisa moun pa konprann sa jodi a?"*

***PSA Itilize Foto Achiv Pandemi Influenza 1918 la pou Ankouraje Konfòmite ak  
Mask la***

***4 Milyon Ameriken te gade Kanpay PSA Nasyonal la nan tout peyi a***

***Pou w gade nouvo PSA a, klike [ISIT LA](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon nouvo Anons Sèvis Piblik (Public Service Announcement, PSA), "Mask Up, America" (America Mete Mask), ki mete aksan sou itilizasyon efikas mask pandan Pandemi Influenza mòtèl 1918 ki te enfekte 500 milyon moun - yon tyè nan popilasyon mond lan. Piblisite a prezante foto achiv sou itilizasyon mask pandan epidemi 1918 la, ki te enpòtan anpil pou anpeche pwopagasyon viris mòtèl la, pou enspire Ameriken yo mete mask jodi a. Nouvo PSA sa se youn nan yon seri Gouvènè a lanse pou enfòmè piblik la sou enpòtans pou mete mask pandan pandemi COVID-19 la. Jiska jodi a, 4 milyon Ameriken te gade Kanpay PSA a nan tout peyi a.

"Tout done ak syans yo montre ke mask yo fonksyone, e li esansyèl pou tout moun mete yon mask pou pwoteje youn lòt epi anpeche pwopagasyon COVID-19 la pi plis," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mesaj nou an senp: Mwen mete yon mask pou pwoteje ou e ou mete yon mask pou pwoteje mwen, e lè nou itilize imaj istorik ak apwoch ki sible nan kanpay entegre 'Mask Up, America' nou an, nouvo piblisite sa ap ede edike piblik la epi ensite konfòmite ak mask la pi plis."

Nouvo PSA nasyonal sa fè pati [kanpay](#), PSA nasyonal "Mask Up, America" Gouvènè Cuomo nan tout peyi a ki prezante Robert De Niro, Kaitlyn Dever, Jamie Foxx, Morgan Freeman, John Leguizamo, Anthony Mackie, Rosie Perez, Ellen Pompeo, Paul Rudd ak Jeffrey Wright.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)